



5 Bagay Ou Bezwen Konnen Pwoteksyon kont Diskriminasyon oswa Pèsekisyon nan Travay poutèt Idantite oswa Prezantasyon kòm Gason oubyen Fi

- 1** Lwa Noujèze kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination, oswa LAD) defann fè diskriminasyon oswa pèsekite moun nan kote yo travay poutèt idantite oswa prezantasyon kòm gason oubyen fi, kit se vre, kit sa soti nan pèsepsyon, tankou lè yon moun se yon transjann, oswa li pa gade tèt li kòm gason ni kòm fi, oswa li pa konfòmis kòm gason oubyen fi, oswa lè moun lan parèt konsa.
- 2** Sa ilegal pou yon patwon fè diskriminasyon poutèt idantite oswa prezantasyon yon moun kòm gason oubyen fi nan bay travay, oswa revokasyon, oswa pwomosyon, ak nan alokasyon avantaj (tankou swen sante, konje parantal, ak konje fanmi). Pa egzanp, yon patwon pa gen dwa anpeche yon moun jwenn tout avantaj pou asirans sante yon konpayi paske moun lan se yon transjann.
- 3** LAD defann yon patwon pou li pèmèt yo pèsekite yon anplwaye poutèt idantite oswa prezantasyon li kòm gason oubyen fi nan yon jan ki lakòz yon anbyans ostil. Kidonk, pa egzanp, yon manadjè pa gen dwa refize pran aksyon si li konnen oswa ta dwe konnen yon kolèg pèsekite yon anplwaye konsa, paske anplwaye a pa gade tèt li kòm gason ni kòm fi.
- 4** LAD vle pou yo trete moun dapre idantite yo kòm gason oubyen fi. Nan pami lòt bagay, moun ki transjann yo dwe kapab swiv règleman pou abiye ki nan konpayi an, epi sèvi avèk twalèt oswa chanje chanm dapre idantite oswa prezantasyon yo kòm gason oubyen fi. Yo gen dwa mande tou pou moun rele yo dapre non, tit, ak pwonon yo chwazi pou tèt yo. Yo pa bezwen montre okenn "prèv" patikilye pou sèks yo, pou yo ka sèvi avèk dwa sa yo. Pa egzanp, yo pa ka oblije yon gason ki transjann pou li mete yon jip sou li, epi yon sipèvizè pa gen dwa kontinye reli li "Msye" oubyen "Mamzèl".
- 5** Yon patwon pa gen dwa fè vanjans kont yon moun paske moun lan sèvi oswa eseye sèvi avèk dwa sa yo oswa lòt dwa LAD rekonnèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General
[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

 **DIVISION ON
NJ CIVIL RIGHTS**
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



02/25/21